

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Manusa mikabutuh basa salaku pakakas komunikasi sapopoé, boh éta basa lisan boh basa tinulis, pikeun ngébréhkeun naon nu aya dina pipikiranana jeung nu jadi kahayangna. Dina éta prosés nepikeun kahayang, tangtuna mikabutuh pangaweruh basa nu bisa ngawakilan kedaling rasana lantaran basa miboga sifat anu sistematis jeung sistemis. Sacara sistematis basa téh miboga aturan nu tangtu jeung sacara sistemis basa téh mibanda sababaraha subsistem kayaning subsistem fonologis, subsistem gramatikal jeung subsistem léksikal. Éta sakabéh subsistem diperlukeun dina ngawangun basa, utamana léksikal.

Subsistém léksikal (léksikologi) minangka subsistem nu ngulik kandaga kecap (léksikon) (Sudaryat, 2004:19). Léksikon saéstuna jadi dadasar pikeun ngawangun basa nu luyu, merenah jeung nu utamana éféktif, hususna pikeun basa tulis najan sipatna sekundér. Léksikon diperlukeun pikeun ngeusian fungsi dina gramatikal basa. Hartina, pamaké basa moal bisa ngagunakeun hiji basa kalawan luyu, merenah tur éféktif upama teu ngawasa léksikonna, najan mikawewuh gramatikalna. Tapi, dina prosés pangajaran basa di lapangan, pamakéan léksikon nu luyu, merenah jeung éféktif téh mindeng teu kapaliré lantaran guru leuwih museurkeun paniténa kana pangajaran gramatikal basa. Antukna, siswa bisa nyusun kalimah sacara gramatikal tapi kaéféktifan kalimahna masih jauh tina anu sakuduna.

Masalah kaéféktifan dina nulis saéstuna karandapan ku sakumna siswa nu diajar basa, kaasup nu karandapan ku siswa Kelas XII SMAN 6 Bandung. Dina sababaraha kali tés nu wangunna tulisan, katitén yén pangaweruh léksikon siswa téh kurang pisan. Ieu kahéngkér téh kabuktian nalika siswa ngarésénsi drama jeung ulangan ngeunaan kalimah langsung jeung teu langsung dina wangun éséy. Loba siswa nu ngagunakeun kekecapan Sunda nu langsung ditarjamahkeun tina basa Indonésia. Antukna, kaéféktifan tulisan siswa jauh tina sakuduna najan éta tulisan bisa dipipaham jeung teu méngpar tina gramatikal Sunda.

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Kahéngkér siswa siga di luhur, tangtuna teu bisa disapirakeun lantaran bakal méré pangaruh nu teu hadé pikeun pelajaran séjénna. Ku kituna, dina pangajaran nulis satuluyna, nya éta nulis éséy, panyusun ngalarapkeun modél pangajaran CIRC (*Cooperative Integrated Reading and Composition*) salaku salasihiji cara pikeun ngungkulan masalah kaéféktifan kalimah.

Modél CIRC jadi pilihan panyusun lantaran kaéféktifan ieu modél geus kabuktian dina sababaraha prosés pangajaran. Ieu modél téh dipiharep bisa ngungkulan masalah di luhur lantaran sipat tina ieu modél téh gawé bareng nu ngabalukarkeun kamampuh mikir kritis siswa ngaronjat. Ku cara kitu, dipiharep siswa bisa silih béjaan jeung silih mariksa kana kasalahan léksikal.

Nepi ka kiwari, geus pohara panalungtikan ngeunaan modél pangajaran CIRC dina pangajaran, salasihijina nya éta “Modél Pangajaran *Cooperative Integrated Reading and Composition* (CIRC) dina Pangajaran Nulis Surat Pribadi (Risal Hengnurwida SH)”, najan kitu ieu modél téh can loba digunakeun dina panalungtikan kasalahan léksikal –malah nu nalungtik pangajaran kasalahan léksikal dina tulisan éséy mah can aya. Kakara aya hiji panalungtikan dina éta widang, najan teu ngagunakeun modél CIRC, nya éta “Analisis Kasalahan Léksikal dina Tulisan Déskripsi Siswa Kelas VII SMP Negeri 1 Lembang Kabupatén Bandung Barat Taun Ajaran 2007/2008 (Yuyun Yunengsih)”. Padahal saéstuna, kasalahan léksikal téh minangka kasalahan dasar nu geus sakuduna disingkahan dina nulis. Tapi, kanyataan di lapangan masih kurang nu maliré kana ieu kasalahan.

Ku kituna, panalungtikan nu baris dipilampah téh, nya éta “Modél CIRC (*Cooperative Integrated Reading and Composition*) dina Pangajaran Nulis Éséy”. Ieu panalungtikan dilaksanakeun pikeun maluruh kasalahan léksikal nu masih jeung mindeng karandapan ku siswa dina nulis éséy, lian ti kitu ieu panalungtikan téh dipiharep bisa jadi eunteung dina waktu ngajar nulis sacara umum.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Kasalahan léksikal ngawengku kasalahan pilihan kecap (diksi), ambiguitas, hiperkorék jeung pléonasme. Tapi, sakumaha nu geus dijéntrékeun dina kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan téh baris nalungtik perkara kasalahan léksikal dina wanda gejala hiperkorék jeung gejala pléonasme nu aya dina tulisan éséy siswa kelas XII SMA Negeri 6 Bandung.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, bisa dirumuskeun masalahna dina wangun pananya saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha léngkah-léngkah modél CIRC dina pangajaran nulis éséy?
- 2) Kasalahan léksikal gejala hiperkorék jeung gejala pléonasme naon waé nu kapanggih dina tulisan éséy siswa?
 - (a) Kumaha kasalahan léksikal siswa dina gejala hiperkorék jeung gejala pléonasme anu aya dina tulisan éséy saméméh ngagunakeun CIRC?
 - (b) Kumaha kasalahan léksikal siswa dina gejala hiperkorék jeung gejala pléonasme anu aya dina tulisan éséy sabada ngagunakeun CIRC?
- 3) Naha éféktif modél CIRC pikeun digunakeun dina pangajaran nulis éséy?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina diayakeunana ieu panalungtikan nya éta pikeun maluruh naon nu jadi kasalahan léksikal dina tulisan éséy siswa dina raraga ngaronjatkeun kamampuh nulis nu éféktif ngaliwatan pangajaran nu ngagunakeun modél pangajaran CIRC.

1.3.2 Tujuan Husus

Tujuan husus tina ieu panalungtikan nya éta maluruh jeung ngadadarkeun:

- 1) léngkah-léngkah modél CIRC dina pangajaran nulis éséy;

- 2) Kasalahan léksikal gejala hiperkorék jeung gejala pléonasme nu kapanggih dina tulisan éséy siswa;
 - (a) kasalahan léksikal siswa dina gejala hiperkorék jeung gejala pléonasme anu aya dina tulisan éséy saméméh ngagunakeun CIRC;
 - (b) kasalahan léksikal siswa dina gejala hiperkorék jeung gejala pléonasme anu aya dina tulisan éséy sabada ngagunakeun CIRC; jeung
- 3) kaéféktifan modél CIRC dina pangajaran nulis éséy.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis nu bisa dicangking tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikaweruh kasalahan léksikal naon waé nu biasa karandapan ku siswa dina nulis éséy. Lian ti kitu, ieu panalungtikan téh bisa dimangpaatkeun pikeun pangajaran séjénna, hususna pangajaran basa sangkan siswa bisa nulis sacara leuwih éféktif.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan, nya éta:

- 1) pikeun guru, bisa jadi réferénsi dina ngungkulan kahéngkér siswa dina kasalahan léksikal nu aya dina tulisan éséy;
- 2) pikeun siswa, ieu panalungtikan bisa jadi salasihiji cara pikeun ngungkulan kahéngkér nulis anu teu éféktif; jeung
- 3) pikeun sakola, ieu panalungtikan bisa dimangpaatkeun pikeun ngungkulan kahéngkér nulis siswa nu teu éféktif dina pangajaran séjénna.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu skripsi téh kabagi jadi lima bab. Bab I minangka bubuka nu ngawengku (1) kasang tukang panalungtikan, (2) rumusan masalah, (3) tujuan panalungtikan, (4) mangpaat/signifikansi panalungtikan, jeung (5) sistematika skripsi. Bab II medar ngeunaan tatapakan téori nu eusina (1) watesan, fungsi, tujuan, jeung wangun nulis, (2) tulisan éséy, jeung (3) kasalahan basa. Bab III medar ngeunaan métode panalungtikan nu ngawengku (1) lokasi jeung subjék

Aditya Ruganda, 2013

Modél CIRC (Cooperative Integrated Reading And Composition) Dina Pangajaran Nulis Éséy (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas XII IPA 1 SMAN 6 Bandung Taun Ajaran 2012/2013)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

panalungtikan, (2) wangenan operasional, (3) instrumen panalungtikan, (4) téknik ngumpulkeun data, jeung (5) téknik ngolah data. Bab IV minangka puseur skripsi nu eusina (1) data kasalahan léksikal, (2) wanda kasalahan léksikal, jeung (3) pola kasalahan léksikal. Demi Bab V minangka panutup anu eusina (1) kacindekan jeung (2) saran.

